

RINGKESAN

Pengaruh Kompetensi Guuru dina Hasil Pembelajaran Murid (Survéy ngeunaan Mata Pelajaran Ekonomi di Kelas X taun sakola 2018/2019)

**Desy Nur Azizah
155020038**

Maksud tina pananglutikan ieu nyaéta: (1) mikanyaho panerapan kompetensi pedagogi dina mata pelajaran ékonomi di sakola swasta di Kacamatan Cibeunying Kidul. (2) mikanyaho panerapan kompetensi kapribadian dina mata pelajaran ékonomi di sakola swasta di Kacamatan Cibeunying Kidul. (3) mikanyaho panerapan kompetensi ahli dina mata pelajaran ékonomi di sakola swasta di Kacamatan Cibeunying Kidul. (4) mikanyaho panerapan kompetensi sosial dina mata pelajaran ékonomi di sakola swasta di Kacamatan Cibeunying Kidul. (5) mikanyaho kumaha pangaruh opat kompetensi guru dina hasil pembelajaran murid. Panalungtikan anu digunakeun nyaéta kuantitatif, sareng metode survey, téhnik ngumpulkeun data nyaéta mangrupa angkét jeung téhnik ngolah data anu dianggo nyaéta uji validitas, uji reliabilitas, uji normalitas data, analisis régrési liniér basajan jeung koéfisién determinasi. Hipotesis dina panalungtikan ieu nyaéta “ngabogaan pangaruh kompetensi guru (X) kana hasil pembelajaran murid (Y) di sakola swasta di Kacamatan Cibeunying Kidul. Hasil panalungtikan ieu nyaéta ngabogaan cukup saé pangaruh antara variabel X jeung Y nyaéta 0,278 atawa 27,8%. Pikeun mikanyaho hubungan fungsional antara variabel X jeung Y yén digunakeun analisis régrési liniér basajan kuhasil itungan: $Y = 64,082 + 0,178 X$ yén dina kompetensi guru saageung 64,082 masihan kontribusi kana hasil pembelajaran murid saageung 0,178. Koéfisién determinasi dianggo pikeun mikanyaho sakumaha ageungna pangaruh variabel X kana variabel Y yén ngabogaan hasil 27,8% pikeun faktor sejen 72,2% dipangaruhan ku anu henteu katitén ku pananglutik. Kacindekan tina hasil panalungtikan ieu nyaéta bisa ditarima lantaran ngabogaan pangaruh antara variabel X ka variabel Y. Panulis miboga pamadegan kanggo pihak-pihak nu pakait, nyaéta: (1) kanggo sakola, diperkirakeun ngayakeun pendidikan anu saé pikeun ningkatkeun kualitas pendidikan, (2) kanggo guru, diperkirakeun tiasa ningkatkeun kompetensi guru, (3) kanggo siswa, dipiharep pikeun motivasi diri ku kituna henteu gumantung kana guru, sareng (4) kanggo pananglutik anu salajengna, diharepkeun ieu pananglutikan tiasa janten bahan rujukan pikeun bahan panalitian anu sami tapi ku faktor-faktor sanés, ideu sareng sudut pandang anu sanés supados tiasa nyumbang kana pamikiran anu hadé anu aya hubunganana sareng kompetensi guru sareng hasil pembelajaran murid.

Kecap Konci: Kompetensi guru, hasil pembelajaran murid jeung mata pelajaran ékonomi.